

Gid Desizyon pou Anplwaye ki Malad

Manadjè k ap travay nan biznis manje dwe itilize gid sa pou deside sa ki dwe fèt lè anplwaye yo malad

Pou deside si ou dwe chanje responsabilite yon anplwaye, mande:

Èske w ap vomi, gen
dyare, oubyen gòj
fè mal ak lafyèv?

Wi

Pa kite anplwaye a travay

- Voye l lakay li si li nan travay la
- Kite li retounen sèlman si sentòm yo disparèt aprè 48 tèdtan
- Anrejistre tout sentòm yo nan Rejis Maladi Anplwaye a
- Si se doktè ki dyagnostike maladi sa yo, ou **dwe** rapòte yo bay Depatman Sante Leta Rhode Island: salmonella, shigellosis, Enfeksyon *E. coli*, nowoviris, osnon epatit A

Non

Èske w gen yon moun
lakayou ki gen vomisman
oubyen dyare?

Wi

Limite anplwaye a nan travay la

- Ranfòse fason pou byen lave men
- Asire ke tout maleng gen pansman
- Pa kite men ki pa gan touche manje ki pare pou manje osnon vesò ki pwòp
- Diskite kondisyon rapòtaj maladi anplwaye a, fason moun k ap travay nan zafè manje ka kontamine manje, ak estrateji pou anpeche sa rive.

Non

Èske ou gen lòt sentòm
noudwe konnen?

Non

Pa retire oubyen limite anplwaye a nan responsabilite li

- Limite yon anplwaye si w gen sousi ke maladi ki atrapan ka simaye
- Rele Depatman Sante Leta Rhode Island si ou gen lòt sousi

Rele doktè w

Sonje: Si ou gen yon ensidan vomi ki rive nan biznis lan, ou dwe suiv enstriksyon sou kòman pou netwaye pi byen. Pou konnen plis, vizite www.disinfect-for-health.org/wp-content/themes/disinfect/pdfs/NorovirusPrevent_8.5x11_English_Color.pdf



Depatman Sante Leta Rhode Island, Sant pou Pwoteksyon Manje
Pou plis enfòmasyon, rele (401) 222-2750

ADAPTED FROM
THE MINNESOTA
DEPARTMENT OF HEALTH
ME 2017